



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 55 MILYON DOLA NAN FINANSMAN NAN SOMÈ  
TOURIS AK BWASON FABRIKE ETA NEW YORK LAN**

***55 Milyon Dola San Presedan pou Pwomouvwa Atraksyon Klas Mondyal New  
York yo epi Favorize Endistri Touristik li an***

***Nouvo Sant Akèy Rejyonal yo Pral Ouvri Atravè Eta a Ki Gen Ladan yo Pwodwi  
Taste NY yo, ak Atraksyon I LOVE NEW YORK yo***

***2 Milyon Dola nan Sibvansyon Touris Pou Pwomouvwa Destinasyon ak Aktivite  
Espesyal ki Konsantre sou Agwotouris***

***Nouvo aplikasyon mobil I LOVE NEW YORK epi ki Amelyore pral gen Ladan Vizit  
Odyo Entèraktif ak Fonsyon Kat Jewografik***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te òganize jodi a Somè Touris ak Bwason Fabrike Eta New York, kote lidè nan touris ak endistri fabrik bwason yo te rankontre avèk ofisyèl leta yo pou eksplòre nouvel opòtinite endistri an yo. Nan somè a, yo te revele pi gwo envestisman leta nan touris jiska dat – 55 milyon dola san presedan ki dedike nan pwomouvwa atraksyon klas mondyal New York yo, pou atire plis vizitè, kreye travay epi devlope pi plis endistri an atravè Empire State.

Inisyativ ke yo te anonse nan aktivite an gen ladan yo nouvo sant akèy nan chak rejyon nan eta a ki pral genyen magazen Taste NY yo epi ofri pwodwi lokal, ak yon 2 milyon dola adisyonèl nan finansman pou pwomouvwa aktivite espesyal ki espesyalman an rapò ak agwotouris ak endistri fabrik bwason an. Anons sa yo kontinye ajoute sou envestisman istorik administrasyon an yo nan touris, epi mete aksan sou pakèt seri somè ki reyisi yo sou Touris, Diven, Byè ak Alkòl ki te òganize an Albany depi 2013.

“Investisman nou yo nan endistri touristik lan te pote avantaj nan chak rejyon, epi ak 55 milyon dola san presedan sa, nou ap kenbe dinamis sa k'ap vanse devan,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak nouvo sant akèy yo ki pral desèvi kòm pòt prensipal pou ale nan bote natirèl san parèy New York yo, epi ak nouvo finansman sa, nou ap kreye yon eksperyans touristik entèraktif ki pral kenbe vizitè yo e fè yo retounen apre chak ane. Somè sa kontinye ajoute sou angajman administrasyon an nan touris, epi li te ede favorize fason inovatif pou devlope atou natirèl nou yo, atire plis vizitè epi lanse aktivite ekonomik atravè gwo eta sa.”

“Antan ke prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal lan (Regional Economic Development Councils), mwen te vwayaje nan chak kwen eta a epi mwen te wè dirèkteman avantaj ekonomik yo ki genyen nan investi nan endistri touristik, ki kounye a vin tounen katriyèm pi gwo sektè anplwa nou,” **se sa Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Ansanm ak siksè sa vini kwasans eksponansyèl aparamman nan kantite vinòb, brasri, distiyri ak sidri, ki non sèlman pral pote travay ak revni enpo, men tou sèvi kòm yon faktè touristik majè. Nan rasanble ansanm touris, agwotouris ak lidè bwason fabrike yo, nou pral favorize siksè epi pèmèt endistri sa yo kontinye fleri nan Eta New York.”

“Depi lè li fin enstale a, Gouvènè Cuomo pa't janm ezite nan angajman li pou investi nan touris, epi rezilta yo te imans,” **se sa Howard Zensky, ki se Prezidan, CEO & Komisè Empire State Development, te deklare.** “Chak ane nou ap wè plis vizitè k'ap vwayaje nan Eta New York sa ki jenere 894,000 pòs travay ak plis pase 63 milya dola nan depans dirèk nan kominote nou yo.”

“Mwen fyè pou enpak ke Taste NY te genyen sou non sèlman pwomouvwa endistri manje ak bwason nou an k'ap devlope an ansanm ak pwodiktè inovatif yo, men tou favorize ekonomi touristik Eta a,” **se sa Richard A. Ball, ki se Komisè Agrikilti Eta a, te deklare.** “Pandan ke plis konsomatè ap chwazi pwodwi lokal yo pou varyete ki fre, ki bon pou lasante epi ki inik, yo ap chèche eksplòre biznis fèm, manje ak bwason fabrike leta yo ki dèyè nouvo favori sa yo, ki sisite yon enterè renouvle pou agwotouris.”

“Reyaparasyon New York nan manifikti bwason an te pran pye apre premye somè Diven, Byè ak Alkòl Gouvènè an, epi li kontinye devlope epi pwospere jounen jodi a,” **se sa Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Likè Eta yo (State Liquor Authority), te deklare.** “Nan modènize lwa yo, reyalize refòm regilatwa ak politik ki favorab pou biznis yo, pwodiktè bwason New York yo kontinye atire touris epi fè yon enpak pozitif atravè eta a.”

Evènman an te rasanble ansanm dè santèn ekspè nan touris ak fabrik bwason pou diskite sou nouvel apwòch ak estrateji yo pou ogmante vizitè atravè 11 rejyon vakans eta a. Yo te òganize plizyè sesyon emèjans twopikal nan aprèmidi sou segman mache vital endistri touristik la. Baze sou enfòmasyon pati prenan kle yo, administrasyon Cuomo an te revele plizyè nouvo inisyativ atravè tout eta a pou kontinye ajoute sou reyisit pwojè somè presedan yo. Nouvo inisyativ sa yo pral ajoute sou angajman Gouvènè an pou pwomouvwa Eta New York kòm kapital touristik mond lan.

Video ouvèti an ke yo te pase nan aktivite an jodi a li disponib sou YouTube [isit la](#) ak nan fòm kalite TV (h264, mp4) [isit la](#).

**SANT AKÈY YO:** Nouvo sant akèy yo pral gen ladan yo yon Magazen Taste NY ki ap ofri manje ak bwason lokal ke yo fè epi fabrike, ak twa kyòsk entèaktif I LOVE NEW YORK pou vizitè yo kapab aprann sou istwa ak destinasyon yo nan rejyon an. Vwayajè yo kapab kreye yon itinerè ki baze otou atraksoyn rejyonal yo, epi resevwa yon kopi pa

kourye elektwonik. Nouvo sant akèy ak sant akèy amelyore yo pral ouvri nan tout rejyon yo atravè eta a:

- **Rejyon Lwès New York** - I-190 Grand Island
- **Finger Lakes** - Geneva Visitors and Events Center
- **New York Santral** - Auburn Visitors Center
- **Rejyon Sid Tier** - Broome Gateway Center
- **Mohawk Valley** - Lock 13, Canajoharie
- **North Country** - Thousand Islands International Tourism Council Visitor Center
- **Rejyon Capital** – I-90 nan direksyon lwès nan sòti 11-12, Schodack; Nan direksyon nò I-87 nan sòti 17-18, Glens Falls
- **Hudson Valley** - I-84 Nan Sòti 16-17, Stormville
- **Vil New York** - Javits Center
- **Long Island** - Wout Ekspres Long Island ant sòti 51 ak 52 yo

**I LOVE NY @TRIBECA:** Yon nouvo fim konpetisyon ki kout I LOVE NY [@Tribeca](#) pral envite etidyan fim yo atravè eta a pou soumèt lide yo pou yon video ki baze sou touris ki gen tèm ki baze sou rejyon vakans New York yo. Yo pral chwazi yon lide pou chak nan onz rejyon touristik yo pou yo pwodwi. Yon panèl jij selebrite, ki gen ladan Steve Buscemi, pral rekonpanse pi bon nan video final yo. Pwogram lan jwenn sipò kofondatè Festival Fim Tribeca yo ki se Robert De Niro ak Jane Rosenthal. Yo pral anonse venkè konpetisyon an yo pandan Festival Fim Tribeca 2017 lan.

**ERITAJ TOURISTIK:** Eta New York pral selebre de (2) anivèsè prensipal an 2017: 100 lane dwa vòt fanm yo nan New York, ak 200<sup>yèm</sup> anivèsè Kanal Erie an. Aktivite sa yo pral komemore ak yon pè pwomosyon ki entegre Wout Atravè Istwa yo (Path Through History). Yo pral atire vizitè yo nan atraksyon ak aktivite k'ap komemore travay fanm k'ap chèche dwa vòt yo ki te ede New York vin tounen premye eta nan rejyon lès lan ki te bay fanm yo dwa pou vote, ak enpòtans Kanal Erie an te genyen nan konstwi endistri ak komès New York.

**APLIKASYON I LOVE NEW YORK KI AMELYORE:** Aplikasyon ofisyèl I LOVE NEW YORK lan te deja pwouve ke li popilè anpil antan ke aplikasyon òganizasyon detinasyon komèsyalizasyon #1 nan App Store. Aplikasyon an pral elaji ak nouvel opsyon vizit odyo kote itilizatè yo pral kapab telechaje vwayaj naratif a pye ak nan machin ki genyen pi bon atraksyon Eta New York yo. Vizit yo pral genyen yon kat an dirèk, direksyon apye ak nan machin, ak kontni miltimedya ki kaptivan. Yo pral ankouraje vizitè yo pou fè foto nan chak arè pandan vizit lan atravè entegrasyon ak kamera telefòn ak tablèt, epi pou pataje yo sou rezo sosyo ak kourye elektwonik.

**TOURIS AKSESIB:** Eta New York vle asire li ke tout moun, san konte limitasyon fizik yo, andikap ak laj yo, kapab pwofite de atraksyon ak aktivite klas mondyal li yo. Nan lanse yon nouvo inisyativ pou akeyi vwayajè yo, Eta New York kapab atenn jiska 17.3 milya dola sou mache an. Plan yo gen ladan enfòmasyon aksesibilite ki pral disponib pou vwayajè yo nan aplikasyon ak sou sitwèb ofisyèl I LOVE NEW YORK lan, epi bay

fòmasyon asistans teknik pou Ajan Pwomosyon Touris yo ak destinasyon yo.

**MARKET NY (MACHE NY):** Finansman pou pwogram Market NY lan pral ogmante a 15 milyon dola ak 2 milyon dola ki repati espesyalman pou agwotouris ak endistri fabrik bwason an. Nouvo faz sibvansyon touris lan pral dedike nan pwomouvwa destinasyon yo, atraksyon yo ak aktivite espesyal yo ki konsantre sou bwason fabrike ak agwotouris. Sibvansyon yo pral genyen ladan yo finansman pou piblisite, depans pwodiksyon medya, vizit laprès ki an rapò ak endistri, ak materyèl komèsyalizasyon yo, ansanm ak konsepsyon sitwèb ak modènizasyon.

**EKSPOZISYON TASTE NY KI OGMANTE:** Prezans Taste NY nan Chanpyona PGA 2013 lan nan Oak Hill Country Club Rochester an te kondwi a yon ogmantasyon touris nan operatè fabrik bwason ki baze nan fèm yo. Pou kapitalize sou sa, gen 500,000 dola ke yo pral repati yon nouvell inisyatik komèsyalizasyon aktivite agwotouris espesyal yo. Pandan l'ap itilize finansman sa, Taste NY pral gen yon prezans nan aktivite ak festival kle yo, ki vize odyans ki enterese pou vizite brasri bwason yo, vinòb ak lòt destinasyon agwotouris yo atravè Eta New York.

**Senatè Patty Ritchie, Prezidan Komite Agrikilti Sena a (Senate Committee on Agriculture), te deklare,** “Depi se pou endistri fabrik bwason, bon goute, diven lokal, byè, alkòl ak sidr se jis tèt blòk glas la. Endistri sa k'ap devlope rapidman ankouraje kwasans endistri agrikòl ak touristik New York yo, epi tou kreye travay epi favorize ekonomi lokal la atravè tout eta a. Mwen kontan pou mwen defann finansman sa pou sipòte pwodiktè bwason fabrike yo, epi mwen ta renmen remèsye Gouvènè an ak Komisè Ball poutèt yo rekonèt kantite potansyèl endistri an genyen pou kwasans nan fiti.”

**Senatè Rich Funke, Prezidan Komite Touris Sena a (Senate Committee on Tourism), te deklare,** “Endistri touris ak fabrik bwason an yo ap fleri isit la lakay nou nan Rejyon Finger Lakes lan ak atravè Eta New York. Menm jan li toujou fè byen pou tandè ekspè yo nan domèn sa ki ap travay pou atire vizitè, travay, ak envestisman nan eta nou an chak jou. Mwen voye remèsiman mwen bay Gouvènè Cuomo poutèt li òganize somè sa jodi a.”

**Senatè Betty Little te deklare,** “Endistri touris ak fabrik bwason an yo ap eksperimente kwasans enòm atravè eta a, ki ap kreye nouvo pòs travay pandan l'ap ranfòse ekonomi lokal lan ak kominote nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt sipò pèmanan li nan devlope epi pwomouvwa endistri sa yo, patikilyèman nan Rejyon Nò New York lan.”

**Bill Magee, ki se Manm Asanble, Prezidan Komite Agrikilti Asanble an (Assembly Committee on Agriculture), te deklare,** “Mwen te temwen devlopman agrikilti ak touris nan distrik mwen an. Revisit mouvman bwason ak manje fabrike an te pote enterè ki renouvle nan agrikilti, epi fèm yo ap louvri pòt yo bay piblik lan. Agwotouris ap rajeni tè fèm yo nan rejyon nò an ak biznis yo, epi te vin tounen yon kontribitè majè nan ekonomi rejyon nò nou an.”

**Margaret Markey, ki se Manm Asanble, Prezidan Komite sou Touris, Pak, Èv Atistik ak Devlopman Espò Asanble an (Assembly Committee on Tourism, Parks, Arts and Sports Development), te deklare,** “Se yon bon nouvèl ke Gouvènè Cuomo ap kontinye elaji finansman pou iniyativ yo ki pou pwomouvwa touris ak pwodwi manje ak agrikòl Eta New York yo. Ane apre ane, nou te atire nouvo vizitè pou pwofite de mèvyè eta nou an yo, epi nou te gade li k'ap pote rezilta nan nouvo pòs travay ak kwasans ekonomik lokal ak rejyonal.”

### **Enfòmasyon sou Touris nan Eta New York**

Gwo sipò Gouvènè Cuomo an nan ankouraje touris te pote kòm rezilta kwasans nan tout endistri an, ki enkli vizitè, travay ak revni. Anons jodi a se yon ogmantasyon 5 milyon dola an 2015, epi reprezante yonn nan pi gwo envestisman leta nan touris. Eta New York te benefisye anpil de envestisman sa yo ak yon enpak ekonomik total ki te ogmante de plis ke 25 pousan depi 2010.

Pou dezyèm ane konsekitif, enpak ekonomik total endistri touris lan te depase 100 milya dola, ogmante rive nan yon rekò 102 milya dola an 2015. Ane pase sèlman, New York te akeyi 234 milyon vizitè ki te pote plis pase 63 milya dola nan depans dirèk. Envestisman 150 milyon dola Gouvènè Cuomo an te pote yon ogmantasyon 9 milya dola adisyonèl nan depans dirèk vizitè yo rive nan 63 milya dola.

Endistik fabrik bwason an te eksperimante yon kwasans san presedan anba oryantasyon ak direksyon Gouvènè Cuomo an, ki te apwouve plizyè mezi, epi reyalize divès refòm pou pwomouvwa epi elaji endistri an. Kounye a, Eta New York se kay prèske 900 antrepriz pwodiksyon diven, brasri, distilri ak sidri. Kantite antrepriz fèm diven nan New York yo te ogmante plis pase 60 pousan soti nan 195 an 2010 pou vin 316 jodi a. Anplis de sa, kantite ti brasri yo ogmante tou de 285 pousan, soti nan 40 an 2010 rive 154, pandan distiyri fèm yo agrandi soti nan sèlman 10 an 2010 pou rive 98 jodi a. Pwodiktè bwason fabrike ki baze sou fèm yo te ogmante de 178 pousan depi 2011, soti 205 pou rive 570 pwodiktè.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418